Èske yon moun ou renmen te mouri epi kay fanmi an toujou nan non l?

Ou ka toujou gen dwa pou kenbe li.



Ki Sa Ki Pwopriyete Eritye yo?

Lè yon moun mouri san kite yon testaman, kay la **ka rete pou fanmi an. Men, manm fanmi yo dwe ajoute nan papye legal yo, yo rele tou kontra oswa tit.** Kalite pwopriyetè ensèten sa a rele **eritye** oswa **tit konplèks**.

San non ki kòrèk la sou dokiman an, li ka difisil pou:

- Jwenn reparasyon oswa èd vil la
- Jwenn benefis taks sou pwopriyete
- Vann kay la oswa pran yon prè ipotèk
- Anpeche eskro yo eseye vòlè l nan men ou

Nou ka ede w pwouve ou posede kay la epi jwenn non ou sou papye yo gratis.

Sa Nou Ka Ede Ak yo

- Montre tribinal la ou eritye kay la
- Ajoute non ou nan kontra a
- Jwenn ak ranje papye oswa dosye pwopriyete
- Jwenn rabè taks sou pwopriyete ak lòt benefis
- Aplike pou prè abòdab pou fè reparasyon ak peye dèt pwopriyete

Èd Legal gratis Ak Konfyans

Ou pa bezwen konprann li pou kont li.

Nou pral konekte ou ak yon founisè sèvis legal ou fè konfyans e si ou kalifye, èd la ap **gratis**.

Fè premye pa jodi a epi pwoteje kay fanmi ou.

Rele Homeowner Hub nan **(646) 786-0888** epi mande pou pwopriyete eritye yo.
Oswa vizite **HomeownerHelpNY.org/GetHelp**

CENTER for NYC NEIGHBORHOODS · New York City Council · JPMorganChase

Haitian-Creole

Yon istwa reyèl sou kijan nou ka ede.

Madam Jones* se yon ansyen k ap viv nan Bronx. Li rete nan kay manman l ak patnè manman l te posede. Manman l ak patnè a te mouri, epi kay la te toujou nan non yo.

Paske non Madam Jones pa t nan kontra kay la, li pa t ka jwenn rabè taks sou pwopriyete pou granmoun aje, sa t ap diminye bòdwo taks li a mwatye. Li te tou tonbe dèyè sou taks pwopriyete li yo ak bòdwo dlo. Men, li pa t kapab jwenn yon plan peman paske non li pa t nan kontra kay la.

Lè sa a, bagay yo vin pi mal. Yon anakè ki te fè fo dokiman te jwenn yon fanmi patnè a, e li te twonpe l pou l vann kay la pou ti lajan.

Madam Jones te vin nan kabinè nou an, nou te bay sèvis legal gratis e li te jwenn èd li te bezwen an. Li te resevwa yon prè enterè 0% san okenn peman chak mwa pou peye taks yo ak bòdwo dlo yo. Li te itilize tou yon pati nan kredi a pou l achte pati anakè a te pran.

Avoka li fè konfyans la te ede l mete kay la nan non li lè li te prepare yon nouvo papye. Kounye a Madam Jones se pwopriyetè legal nan kontra kay la, li ka jwenn rabè taks pou granmoun aje, jwenn prè reparasyon pou kay nan vil la, epi kenbe kay li an sekirite pou l ka kite yo pou pwòp pitit li yo.

*Madam Jones se yon fo non pou pwoteje idantite mèt kay sa a.

Fè premye pa jodi a epi pwoteje kay fanmi ou.

Rele Homeowner Hub nan **(646) 786-0888** epi mande pou pwopriyete eritye yo. Oswa vizite **HomeownerHelpNY.org/GetHelp**

CENTER for NYC NEIGHBORHOODS

New York City Council

JPMorganChase

Haitian-Creole